

# KESYON AK REPONS SOU TIBÈKILOZ



HAITIAN/AYISYEN




Centers for Disease Control and Prevention  
National Center for HIV/AIDS,  
Viral Hepatitis, STD, and  
TB Prevention





# KESYON AK REPONS SOU TIBÈKILOZ 2021



Kesyon ak Repons sou Tibèkiloz (TB) bay enfòmasyon sou dyagnostik ak tretman enfeksyon TB ak maladi TB. Piblik kle pou tiliv sa a se moun ki gen TB oswa ki nan risk pou yo gen TB; moun ki ka te ekspoze avèk yon moun ki gen TB; moun k ap bay sèvis pou moun ki gen gwo risk pou TB, tankou ajan koreksyonèl yo, travayè chèltè pou sanzabri yo, ak ajan entèvansyon dijans yo; epi moun ki vle aprann plis sou tibèkiloz. Pou plis enfòmasyon sou TB, tanpri vizite [www.cdc.gov/tb](http://www.cdc.gov/tb).

DEPATMAN SANTE AK SÈVIS SOSYAL ETAZINI  
Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi  
Sant Nasyonal pou Prevansyon VIH/SIDA, Epatit Viral, STD, ak TB  
Divizyon pou Eliminasyon Tibèkiloz

# TABDÈMATYÈ



Kisa TB ye? .....	5
Poukisa TB yon pwoblèm Ozetazini toujou? .....	5
Kòman TB transmèt? .....	5
Ki moun ki nan risk pou trape TB? .....	6
Kisa enfeksyon TB k ap dòmi (Latent TB Infection, LTBI) ye? .....	6
Kisa maladi TB ye? .....	7
Kimoun ki nan risk pou maladi TB? .....	8
Ki sentòm maladi TB? .....	9
Ki diferans ki genyen ant enfeksyon TB k ap dòmi (LTBI) epi maladi TB? .....	10
Èske m ta dwe fè tès pou TB? .....	11
Ki tès ki genyen pou enfeksyon TB? .....	11
E si m gen yon tès pozitif pou enfeksyon TB? .....	13
E si m te vaksinen avèk basil Calmette-Guérin (BCG)? .....	13
Si m gen enfeksyon TB k ap dòmi (LTBI), kòman m ka evite devlope maladi TB? .....	14
Ki efè segondè ki genyen ak medikaman pou trete enfeksyon TB k ap dòmi (LTBI)? ..	15
E si m gen enfeksyon VIH? .....	17
Si m te ekspoze ak yon moun ki gen maladi TB, èske m ka transmèt li TB bay lòt moun? .....	17
Kòman yo trete maladi TB? .....	18
Ki efè segondè medikaman pou maladi TB yo genyen? .....	19
Poukisa m dwe pran medikaman kont TB pandan lontan konsa? .....	20
Kisa ki TB rezistan ak plizyè medikaman (Multidrug-Resistant, MDR TB) epi TB ki rezistan ak gwo kantite medikaman (Extensively Drug-Resistant, XDR TB)? .....	20
Kisa tretman ak obsèvasyon dirèk (Directly Observed Therapy, DOT) ye? .....	21
Kòman m ka sonje pou m pran medikaman kont TB mwen yo si mwen pa nan DOT? ..	22
Kòman m ka evite transmèt TB? .....	23
Resous Siplemanchè pou TB .....	24

## Kisa TB ye?

Tibèkiloz (TB) rive akòz yon bakteri ki rele *Mycobacterium tuberculosis* (*M. tuberculosis*). Bakteri yo, oswa jèm, anjeneral atake poumon yo. Jèm TB yo ka atake nenpòt pati nan kò a, tankou ren, kolòn vètebral oswa sèvo.

Genyen bòn nouvèl. Moun ki gen TB ka trete si yo chèche swen medikal.


## Poukisa TB yon pwoblèm Ozetazini toujou?

TB ka evite e ka trete, men li rete maladi enfektyez tiyè ki pi mòtèl nan lemonn. Lè w gen maladi TB enfektyez, sa vle di ou ka transmèt jèm TB yo bay lòt moun. Nan plizyè ane ki sot pase yo, Etazini te rapòte kantite ka TB ki pi ba ki janm anrejistre, men twòp moun souffri TB toujou. Menm ak chif k ap diminye yo, TB kontinye reprezante yon pwoblèm. Menmsi kantite ka TB yo te bese Ozetazini, to TB pi wo toujou pami moun ki nan gwoup minorite rasyal ak etnik yo an konparezon ak moun Blan yo. Sa a se paske sèten gwoup rasyal ak etnik gen plis chans pou gen faktè risk TB ki ka ogmante chans pou devlope maladi a (gade paj 8).

Tiliv sa a reponn kesyon kouran yo sou TB. Tanpri poze doktè w, enfimye/enfimyè, oswa lòt founisè swen sante w kesyon si w gen lòt kesyon.

## Kòman TB transmèt?

TB transmèt nan lè a de yon moun a yon lòt moun. Jèm TB yo transmèt nan lè a lè yon moun ki gen maladi TB enfektyez nan poumon oswa nan gòj touse, pale, oswa chante. Moun ki toupre yo ka respire jèm TB sa yo epi yo ka vin enfekte.



**Bakteri  
Tibèkiloz**

**KESYON AK REPONS SOU TB**

5

## Ki moun ki nan risk pou trape TB?

Nenpòt moun ka trape TB. Kèk moun gen pi gwo risk pou yo enfekte avèk TB:

- » Moun ki gen kontak avèk yon moun ki gen maladi TB enfektyez
- » Moun ki fèt oswa ki vwayaje souvan nan peyi kote maladi TB kouran, tankou Meksik, Filipin, Vyetnam, Lend, Lachin, Ayiti, Gwatemala, e lòt peyi ki gen gwo to TB
- » Travayè swen sante e lòt moun ki travay oswa k ap viv nan kote ki gen gwo risk pou transmisyon TB, tankou chèlètè pou sanzabri, prizon, ak mezon retrèt

## Kisa enfeksyon TB k ap dòmi (Latant TB Infection, LTBI) ye?

Kay pifò moun ki respire jèm TB epi ki vin enfekte, kò a kapab konbat jèm TB yo pou anpeche yo devlope. Jèm TB yo vin pa aktif, men yo rete vivan nan kò a epi yo ka vin aktif ankò pita. Yo rele sa enfeksyon TB k ap dòmi, oswa LTBI ann abreje an Anglè.

Moun ki gen LTBI

- » Pa gen sentòm.
- » Pa santi yo malad.
- » Pa kapab transmèt jèm TB yo bay lòt moun.
- » Anjeneral y ap gen yon tè s san pou TB pozitif oswa yon reyaksyon pozitif ak Tès sou po pou TB.
- » Ka devlope maladi TB si yo pa resevwa tretman pou LTBI (gade [paj 14](#)).

Moun ki gen LTBI pa gen sentòm, epi yo pa kapab transmèt jèm TB yo bay lòt moun. Sepandan, si jèm TB yo vin aktif nan kò a epi yo multipliyè, moun lan pral soti nan gen LTBI epi li vin malad ak maladi TB. Pou rezon sa a, moun ki gen LTBI dwe trete pou anpeche yo devlope maladi TB. Tretman LTBI esansyèl pou kontwòlè TB Ozetazini paske li redui toutbon risk pou LTBI pwogrese vin maladi TB.





## Kisa maladi TB ye?

Si sistèm iminitè a pa ka anpeche jèm TB yo devlope, jèm TB yo kòmanse miltipliye nan kò a epi lakòz maladi TB. Jèm TB yo atake kò a, epi si sa rive nan poumon yo, jèm TB yo ka kreye yon twou nan poumon an. Gen kèk moun ki devlope maladi TB touswit apre yo vin enfekte (nan lespas kèk semèn) anvan sistèm iminitè yo ka konbat jèm TB yo. Gen lòt moun ki gen enfeksyon TB k ap dòmi epi yo ka vin malad plizyè ane pita, lè sistèm iminitè yo vin fèb pou yon lòt rezon. Tretman enfeksyon TB k ap dòmi (LTBI) efikas pou anpeche maladi TB.

Moun ki gen maladi TB nan poumon oswa nan gòj ka kontajye, ki vle di yo ka transmèt jèm TB yo bay fanmi yo, zanmi yo e lòt moun ki toutotou yo. Moun ki gen TB nan lòt pati nan kò yo, tankou ren oswa kolòn vètebral, anjeneral yo pa kontajye.

Moun ki gen maladi TB gen plis tandans pou yo transmèt jèm TB bay moun yo pase tan avèk yo chak jou. Sa gen ladan manm fanmi, zanmi, kòlèg travay, oswa kamarad lekòl.

Moun ki gen maladi TB dwe pran plizyè medikaman lè yo kòmanse tretman an. Apre yo fin pran medikaman kont TB pandan plizyè semèn, yon doktè ap kapab di pasyan TB a kilè li pa kapab transmèt jèm TB yo ankò bay lòt moun. Pifò moun ki gen maladi TB ap gen pou yo pran medikaman kont TB pandan omwen 6 mwa pou yo ka geri.



## Kimoun ki nan risk pou maladi TB?

Anpil moun ki gen enfeksyon TB k ap dòmi (Latent TB Infection, LTBI) pa janm vin gen maladi TB. Menmsi se pa tout moun ki gen LTBI k ap devlope maladi TB, apeprè 5-10% moun ap devlope maladi TB pandan lavi yo si yo pa trete. Yo estime pwogresyon sot nan LTBI ki pa trete pou vin nan maladi TB eprezante apeprè 80% ka TB Ozetazini. Kèk moun ki gen LTBI gen plis tandans pou yo vin gen maladi TB pase lòt. Anjeneral, moun ki gen gwo risk pou yo vin gen maladi TB yo fè pati de kategori:

- 1** Moun ki te enfekte resaman avèk jèm TB
- 2** Moun ki gen pwoblèm medikal ki febli sistèm iminitè a, sa gen ladan:
  -  **Enfeksyon VIH**
  -  **Konsomasyon sibstans (tankou pran piki dwòg)**
  -  **Tretman espesyalize pou atrit rimatoyid oswa maladi Crohn**
  -  **Grèf ògàn yo**
  -  **Maladi ren grav**
  -  **Kansè tèt ak kou**
  -  **Dyabèt**
  -  **Tretman medikal tankou kòtikostewoyid**
  -  **Silikoz**
  -  **Pwa kò ki fèb**

Timoun, espesyalman moun laj mwens pase 5 lane, gen pi gwo risk pou yo devlope maladi TB on fwa yo enfekte.



## Ki sentòm maladi TB?

Sentòm maladi TB yo depann de kote nan kò a jèm TB yo ap devlope. Maladi TB nan poumon yo ka lakòz sentòm annapre la yo:



**Tous**  
(ki dire pi lontan pase  
3 semèn)




**Touse krache san oswa  
ekspektorasyon** (flèm ki  
soti andedan poumon yo)



**Doulè nan pwatrin**



**Lafyè**



**Swe lannwit**



**Frison**



**Pèt apeti**



**Febles oswa fatig**



**Pèt pwa**



Sentòm maladi TB nan lòt pati nan kò a ka gen ladan sa ki pral site la yo:

- » TB nan ren an ka lakòz san nan pipi.
- » Menenjit TB ka lakòz maltèt oswa konfizyon.
- » TB nan kolòn vètebral ka lakòz doulè nan do.
- » TB nan larenks ka lakòz vwa anwe.

Pou jwenn enfòmasyon sou fason yo trete maladi TB, gade paj 18.

## Ki diferans ki genyen ant enfeksyon TB k ap dòmi (LTBI) epi maladi TB?

Gen diferans enpòtan ant enfeksyon TB k ap dòmi (LTBI) e maladi TB. Lè w konnen diferans yo, sa ka ede w konprann ak kisa pou w atann ou si w gen LTBI oswa maladi TB. Tablo ki anba a eksplike diferans kle sa yo kòtakòt.

 <b>Yon moun ki gen enfeksyon TB k ap dòmi (LTBI)</b>	 <b>Yon Moun ki gen Maladi TB</b>
Gen yon ti kantite jèm TB nan kò li ki vivan men ki pa aktif	Gen yon gwo kantite jèm TB ki aktif nan kò li
Pa gen sentòm	Gen sentòm ki ka genyen ladan <ul style="list-style-type: none"> <li>» yon move tous ki dire 3 semèn oswa pi lontan</li> <li>» doulè nan pwatrin</li> <li>» touse krache san oswa flèm</li> <li>» feblès oswa fatig</li> <li>» pèt pwa</li> <li>» pa gen apeti</li> <li>» frison</li> <li>» lafyèv</li> <li>» transpire nan lannwit</li> </ul>
Pa kapab pwopaje jèm TB bay lòt moun	Ka pwopaje jèm TB bay lòt moun
Pa santi l malad	Ka santi l malad epi li ka gen sentòm tankou tous, lafyèv, ak/oswa pèt pwa
Anjeneral gen yon Tès sou po pou TB pozitif oswa tès san pou TB nan po ki endike enfeksyon TB	Anjeneral gen yon Tès sou po pou TB pozitif oswa tès san pou TB nan po ki endike enfeksyon TB
Gen yon radyografi pwatrin nòmal e yon tès fwoti krache negatif	Ka gen yon radyografi pwatrin anòmal, oswa yon tès fwoti krache oswa kilti ki pozitif
Dwe konsidere pran tretman pou LTBI pou anpeche maladi TB	Bezwen tretman pou maladi TB

## Èske m ta dwe fè tès pou TB?

Ou dwe fè tès pou TB si:

- » Ou te pase tan ak yon moun li te ye oswa te panse li gen enfeksyon maladi TB.
- » Ou te fèt oswa ou vwayaje souvan nan peyi kote maladi TB kouran, tankou Meksik, Filipin, Vyetnam, Lend, Lachin, Ayiti, ak Gwatemala, e lòt peyi kote TB se bagay ki kouran.
- » W ap viv aktyèlman, ou te konn viv, oswa w ap travay nan yon anviwònman gwo gwoup kote TB pi kouran, tankou yonabri pou sanzabri, penitansye, prizon, oswa mezon retrèt.
- » Ou se yon travayè swen sante k ap pran swen pasyan ki gen maladi TB.
- » Ou fè pati yon popilasyon ki gen plis tandans pou l gen enfeksyon TB k ap dòmi (LTBI) oswa maladi TB, sa gen ladan moun ki pa gen bon aksè nan swen sante, ki gen revni pi fèb, oswa ki abize dwòg oswa alkòl.

Anplis, timoun yo, espesyalman sila yo ki mwens pase 5 lane, gen pi gwo risk pou yo devlope maladi TB on fwa yo enfekte. Pakonsekan, tès pou enfeksyon TB enpòtan kay timoun ki ka te ekspoze ak yon moun ki gen maladi TB.

## Ki tès ki genyen pou enfeksyon TB?

Genyen de kalite tès pou enfeksyon TB: tès san pou TB ak tès nan po pou TB. Founisè swen sante w dwe chwazi ki tès TB pou itilize. Faktè pou seleksyon tès pou itilize a gen ladan rezon pou tès la, disponibilite tès la, epi pri li. Yo ankouraje founisè swen sante yo pou yo itilize tès san pou TB pi resan yo pou depistaj enfeksyon TB. Anjeneral, li pa nesèsè pou itilize ni yon Tès sou po pou TB ni yon tès san pou TB pou teste yon menm moun.



### *Tès San pou TB*

Tès san pou TB yo itilize yon echantyon san pou konnen si w enfekte avèk jèm TB. Ajans Etazini pou Kontwòl Manje ak Medikaman apwouve de tès san pou TB epi yo disponib Ozetazini:

- » QuantiFERON®-TB Gold Plus (QFT-Plus)
- » T-SPOT®. Tès TB (T-Spot)

Ou ka fè yon tès san pou TB nan depatman sante a oswa nan kabinè doktè w. Founisè swen sante a ap pran san w epi voye l nan yon laboratwa pou analiz ak rezilta yo. Si depatman sante w itilize yon tès san pou TB, yon sèl vizit nesèsè pou pran san pou tès la.



**Tès san pou TB pozitif:** Sa vle di ou te enfekte avèk jèm TB yo. Tès siplemantè nesèsè pou detèmine si w gen yon enfeksyon TB k ap dòmi (LTBI) oswa maladi TB.



**Tès san pou TB negatif:** Sa vle di san w pa te reyaji ak tès la e pwobableman ou pa gen enfeksyon TB.

Tès san pou TB yo se tès TB ki rekòmande pou:

- » Moun ki te resevwa vaksen kont TB basiy Calmette-Guérin (BCG).
- » Moun ki gen difikilte pou yo retounen pou yon dezyèm randevou pou chèche yon reyaksyon ak tès sou po pou TB.



### *Tès sou po pou TB*

Yo ka itilize tès sou po pou TB a pou dekouvri si w enfekte ak jèm TB. Ou ka fè yon tès nan po nan depatman sante a oswa nan kabinè doktè w. Yon travayè swen sante ap enjekte yon ti kantite likid tès (yo rele tibèkilin oswa PPD) nan po a sou pati pi ba nan bra w. Apre 2 oswa 3 jou, ou dwe retounen pou travayè swen sante a entèprete tès po w la. Ou ka gen anflamasyon kote yo te enjekte tibèkilin lan. Travayè swen sante a pral mezire anflamasyon sa a epi li pral di w si reyaksyon w ak tès la pozitif oswa negatif.



**Tès po pozitif:** Sa vle di kò moun lan enfekte ak jèm TB. Tès siplemantè nesèsè pou detèmine si moun lan gen LTBI oswa maladi TB.



**Tès po negatif:** Sa vle di kò moun nan pa te reyaji ak tès la, e li pa gen pwobableman LTBI oswa maladi TB.

Si ekspozisyon w ak jèm TB a te resan, reyaksyon w ak tès sou po pou TB gendwa poko pozitif. Ou gendwa bezwen yon dezyèm tès po 8 a 10 semèn apre dènye fwa ou te pase tan ak moun ki gen maladi TB a. Se paske sa ka pran plizyè semèn apre enfeksyon an pou sistèm iminitè ou reyaji ak tès sou po pou TB a. Si reyaksyon w nan dezyèm tès la negatif, pwobableman ou pa gen enfeksyon TB.

## E si m gen yon tè s pozitif pou enfeksyon TB?

Si w gen yon reyaksyon pozitif nan tè s san pou TB oswa tè s sou po pou TB a, doktè w oswa enfimye/enfimyè w ap fè lòt tè s pou wè si w gen maladi TB. Tè s sa yo anjeneral gen ladan yon radyografi pwatrin. Yo ka gen ladan tou yon tè s krache ou touse a. Paske jèm TB yo ka twouve yo yon lòt kote ki pa nan poumon w, doktè w oswa enfimye/enfimyè w ka tcheke pipi w, pran echantiyon tisi, oswa fè lòt tè s. San tretman, enfeksyon TB k ap dòmi (LTBI) ka pwogrese vin maladi TB. Si w gen LTBI, yo ta dwe trete w pou anpeche maladi TB (gade paj 14). Si w gen maladi TB, w ap bezwen pran medikaman pou trete maladi a (gade paj 18).


## E si m te vaksinen avèk basil Calmette-Guérin (BCG)?

BCG se yon vaksen kont TB. Vaksen sa a pa lajman itilize Ozetazini. Anpil moun ki fèt deyò Etazini te resevwa vaksen BCG kont TB a.

Yo souvan bay li pou tibebe ak timoun piti nan lòt peyi kote TB a pi kouran. Li pwoteje timoun nan peyi sa yo pou yo pa trape fòm maladi TB grav, tèlke menenjit TB. Yo pa panse vaksen BCG kont TB a pwoteje moun kont maladi TB nan poumon, ki se fòm nan maladi a ki pi kouran an Ozetazini.

Kay kèk moun, vaksen BCG kont TB ka lakòz yon tè s sou po pou TB ki pozitif alòske yo pa enfekte ak jèm TB. Sepandan, pa gen okenn fason pou konnen si yon reyaksyon pozitif nan tè s po rive akòz vaksinasyon BCG oswa akòz yon vrè enfeksyon TB. Lè yo itilize tè s po a, moun ki te vaksinen ak BCG epi ki gen yon reyaksyon pozitif ak tè s po a dwe toujou evalye piplis pou maladi TB konmsi yo pa te vaksinen ak BCG.

Kontrèman ak Tè s sou po pou TB, tè s san pou TB pa afekte ak vaksinasyon BCG ki te fèt anvan. Tè s san pou TB yo preferab pou moun ki te resevwa vaksen Calmette-Guérin (BCG) kont TB.



## Si m gen enfeksyon TB k ap dòmi (LTBI), kòman m ka evite devlope maladi TB?

San tretman, enfeksyon TB k ap dòmi (LTBI) ka pwogrese vin maladi TB. Si w gen LTBI, ou dwe trete pou anpeche maladi TB menm si w pa santi w malad. Tretman LTBI esansyèl pou prevansyon TB paske li redui toutbon risk pou LTBI pwogrese vin maladi TB.

Tretman LTBI efikas nan prevansyon maladi TB. Gen plizyè opsyon pou tretman LTBI. Te gen pwogrè ki te fèt nan diminisyon dire tretman LTBI soti nan 6-9 mwa pou vin 3-4 mwa. Tretman LTBI dire kout yo efikas, yo gen sekirite epi yo gen pi gwo pousantaj finisman pase tretman ki pi long yo.

Si w gen LTBI epi w nan yon gwoup ki gen gwo risk (gade paj 8), li pi ijan toujou pou w pran medikaman, pou w pa devlope maladi TB. Yo itilize medikaman kont TB annapre la yo poukont yo oswa ansanm pou trete LTBI:



Isoniazid (INH)



Rifapentine (RPT)



Rifampin (RIF)

CDC ak Asosyasyon Nasyonal Kontwolè Tibèkiloz rekòmande youn nan opsyon tretman annapre la yo pou LTBI:

- » Twa mwa isoniazid ak rifapentine yon fwa pa semèn (3HP)
- » Kat mwa rifampin chak jou (4R)
- » Twa mwa isoniazid ak rifampin chak jou (3HR)

Si okenn nan rejim tretman yo ki anwo la a pa yon opsyon pou ou, gen lòt chwa rejim tretman efikas kont LTBI ki gen nan yo 6 oswa 9 mwa isoniazid. Lè w ap pran isoniazid, doktè w ka fè w pran vitamin B6 avèk medikaman w lan. Doktè w la pral kapab detèmine ki opsyon tretman ki pi bon pou sitiyasyon w. Tretman w lan ka oblije chanje si w te gen kontak avèk yon moun ki gen maladi TB ki rive akòz jèm ki rezistan ak isoniazid oswa rifampin, de nan medikaman ki pi enpòtan yo pou trete LTBI ak maladi TB. Sa vle di medikaman sa yo pa ka touye jèm TB yo ankò.

Pafwa moun resevwa tretman pou LTBI menm si rezilta tès san pou TB yo a oswa reyaksyon tès sou po pou TB yo a negatif. Sa fèt souvan avèk tibebe, timoun, e moun ki enfekte avèk VIH ki te pase tan resaman avèk yon moun ki gen maladi TB. Se paske gwoup sa yo gen anpil risk pou yo devlope maladi TB touswit apre yo vin enfekte avèk jèm TB.


Si w kòmanse pran tretman pou LTBI, w ap gen pou w wè doktè w oswa enfimye/enfimyè w selon yon orè regilye. Li enpòtan pou w pran tout medikaman an jan yo preskri w li. Doktè a oswa enfimye/enfimyè a pral verifye kòman w ye.

## Ki efè segondè ki genyen ak medikaman pou trete enfeksyon TB k ap dòmi (LTBI)?

Pifò moun ka pran medikaman pou enfeksyon TB k ap dòmi (LTBI) san okenn pwoblèm; sepandan, pafwa gen efè segondè. Gen kèk efè segondè ki reprezante pwoblèm minè. Pa egzanp, medikaman rifampin oswa rifapentine ka lakòz likid kò chanje koulè vin jòn abriko, tankou irin (pipi), saliv, dlo je, oswa syè, ak lèt tete. Yo prevwa pou gen chanjman koulè likid kò ki vin jòn abriko e li pa gen danje. Se yon bagay nòmal epi koulè a ka fennen avèk le tan. Doktè a oswa enfimye/enfimyè a ka konseye pou w pa mete vè kontak mou paske yo ka tache anpèmanans. Si ou gen nenpòt nan efè segondè sa yo, ou ka kontinye pran medikaman w.

Si w gen yon efè segondè grav, **rele doktè w oswa enfimye/enfimyè w imedyatman**. Yo ka di w pou w sispann pran medikaman kont LTBI w yo oswa pou w retounen nan klinik la pou fè tè. Efè segondè grav yo gen ladan:

- » Vètij oswa toudisman
- » Pèt apeti
- » Sentòm ki tankou grip
- » Dyare grav oswa pou pou ki gen koulè pal
- » Souf kout
- » Santiman tristès oswa depresyon
- » Lafyè
- » Pèt pwa san rezon
- » Pipi mawon (koulè kafe oswa kola)
- » Po oswa zye ki vin jòn
- » Po kò vin wouj
- » Pikotman oswa sansasyon pikotman pèsistan nan men ak pye yo
- » Fatig oswa feblès pèsistan ki dire 3 jou oswa plis
- » Doule nan vant
- » Vyann mètri oswa senyen fasil
- » Doule nan jwenti
- » Kèplen
- » Vomisman



Ou dwe bay founisè swen sante w la yon lis medikaman w ap pran aktyèlman pou evite entèraksyon medikaman. Kèk kontraseptif oral (grenn planin) gendwa pa aji byen lè w pran yo avèk medikaman kont TB. Se paske medikaman kont TB yo ka pafwa jennen grenn planin yo epi pètèt fè grenn planin yo mwens efikas. Si w ap itilize grenn planin, pale avèk doktè w anvan w kòmanse nenpòt nouvo medikaman. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou efè segondè medikaman kont TB yo nan: [www.cdc.gov/tb/topic/treatment/adverseevents.htm](http://www.cdc.gov/tb/topic/treatment/adverseevents.htm).

**Avètisman:** Li ka danjere si w bwè bwason ki gen alkòl, tankou diven, byè, oswa likè, pandan w ap pran medikaman kont TB. Verifye avèk doktè w oubyen enfimye/enfimye w pou plis enfòmasyon.

Tout moun ki gen LTBI bezwen konnen sentòm maladi TB yo (gade paj 9). Si w vin gen sentòm maladi TB, ou dwe wè yon doktè touswit.

Pafwa moun bezwen èd pou jere medikaman kont LTBI yo dwe pran. CDC te devlope trakè medikaman kont LTBI pou ede pasyan yo òganize ak jere medikaman kont LTBI yo a. Sou trakè medikaman sa yo, gen espas pou ekri orè tretman yo, konsomasyon medikaman, e enfòmasyon kontak doktè a/klinik la. Genyen tou yon lis kontwòl siy ak sentòm ki ka devlope pandan w ap pran medikaman kont LTBI.

Twa trakè medikaman yo gen ladan:

1

**Rejim 12 Dòz pou Enfeksyon Tibèkiloz K ap Dòmi- Trakè Medikaman ak Lis Kontwòl Sentòm**  
*(disponib nan lang Anglè, Panyòl, Tagalòg, ak Vyetnamyen).*

2

**Trakè Medikaman ak Lis Kontwòl Sentòm Rejim 4 Mwa Rifampin Chak jou (4R) pou Enfeksyon TB K ap Dòmi**  
*(disponib an Anglè).*

3

**Trakè Medikaman ak Lis Kontwòl Sentòm Rejim 3 Mwa Isoniazid ak Rifampin Chak jou (3HR) pou Enfeksyon TB K ap Dòmi**  
*(disponib an Anglè).*

Pou telechaje oswa enprime materyèl sa yo, vizite sitwèb CDC [www.cdc.gov/tb/education/patient\\_edmaterials.htm#Treatment](http://www.cdc.gov/tb/education/patient_edmaterials.htm#Treatment).

Pou aprann plis sou LTBI, vizite paj wèb CDC sa yo:

- » [www.cdc.gov/tb/topic/treatment/ltbi.htm](http://www.cdc.gov/tb/topic/treatment/ltbi.htm)
- » [www.cdc.gov/tb/topic/treatment/decideltbi.htm](http://www.cdc.gov/tb/topic/treatment/decideltbi.htm)
- » [www.cdc.gov/tb/features/ltbi/LTBI\\_Feature.html](http://www.cdc.gov/tb/features/ltbi/LTBI_Feature.html)




## E si m gen enfeksyon VIH?

Si w gen enfeksyon VIH e enfeksyon TB k ap dòmi (LTBI), ou bezwen tretman byen vit dèke sa posib pou evite maladi TB. Yon moun ki gen enfeksyon VIH ki pa trete tou LTBI gen plis tandans anpil pou l vin gen maladi TB pandan lavi l pase yon moun ki pa gen enfeksyon VIH. Pami moun ki gen LTBI, enfeksyon VIH se faktè risk ki pi fò yo konnen pou pwogresyon nan direksyon maladi TB. Tout moun ki gen enfeksyon VIH dwe fè tès pou konnen si yo gen LTBI epi chèche tretman rapidman si sa nesèsè. Gen plizyè rejim tretman efikas kont LTBI ki disponib pou moun ki gen VIH.

## Si m te ekspoze ak yon moun ki gen maladi TB, èske m ka transmèt li TB bay lòt moun?

Si w te ekspoze ak yon moun ki gen maladi TB, ou ka vin enfekte avèk bakteri TB, men ou pa t ap kapab transmèt bakteri yo bay lòt moun touswit. Se sèlman moun ki gen maladi TB kontajye ki ka transmèt jèm TB yo bay lòt moun. Anvan pou w ta kapab transmèt jèm TB bay lòt moun, ou t ap dwe respire jèm TB yo epi vin enfekte. Apresa, mikwòb yo ta dwe miltipliye nan kò w epi lakòz maladi TB enfektyez. Nan estad sa a, ou ka transmèt jèm TB yo bay lòt moun.

Kay pifò moun ki respire jèm TB epi ki vin enfekte, kò a kapab konbat jèm yo pou anpeche yo devlope. Jèm yo vin pa aktif, men yo rete vivan nan kò a epi yo ka vin aktif ankò pita. Yo rele sa enfeksyon TB k ap dòmi (Latent TB Infection, LTBI). Moun ki gen LTBI pa kapab transmèt jèm TB yo bay lòt moun. Moun ki gen LTBI ka trete pou anpeche maladi TB.



## Kòman yo trete maladi TB?

Gen yon bòn nouvèl pou moun ki gen maladi TB! Li ka prèske toujou trete e geri avèk medikaman. Men, ou dwe pran medikaman an jan doktè w oswa enfimye/enfimyè w endike.

Si w gen maladi TB, w ap gen pou w pran plizyè medikaman diferan. Se paske gen anpil jèm TB pou touye. Lè w pran plizyè medikaman kont TB, sa ap fè yon pi bon djòb pou touye tout jèm TB yo epi anpeche yo vin reziste kont medikaman yo. “Rezistan” vle di medikaman an pa ka touye bakteri TB yo ankò.

Medikaman ki pi kouran yo itilize pou trete maladi TB se

- » Isoniazid (INH)
- » Rifampin (RIF)
- » Ethambutol (EMB)
- » Pyrazinamide (PZA)

Si w gen maladi TB nan poumon oswa nan gòj, ou gendwa kontajye. Ou dwe rete lakay ou, epi w pa ale nan travay oswa lekòl pou w pa transmèt jèm TB yo bay lòt moun. Apre w fin pran medikaman w pandan kèk semèn, w ap santi w pi byen epi ou gendwa pa kontajye pou lòt moun ankò. **Doktè**

**w oswa enfimye/enfimyè w ap di w kilè w ka retounen nan travay oswa lekòl oswa kilè w ka vizite zanmi.**

Lè w gen maladi TB, sa pa ta dwe anpeche w mennen yon vi nòmal. Moun ki pa kontajye ankò oswa ki pa santi yo maladi yo ankò souvan kapab fè menm bagay yo te konn fè anvan yo te gen maladi TB. Si w pran medikaman w yo jan doktè w oswa enfimye/enfimyè w endike, yo ta dwe touye tout jèm TB yo. Sa ap anpeche w vin maladi ankò.



## Ki efè segondè medikaman pou maladi TB yo genyen?

Si w ap pran medikaman pou maladi TB, ou dwe pran yo jan doktè w oswa enfimye/enfimyè w endike. Medikaman kont TB yo ka lakòz efè segondè. Gen kèk efè segondè ki reprezante pwoblèm minè. Gen lòt ki pi grav. Si w gen yon efè segondè grav, **rele doktè w oswa enfimye/enfimyè w imedyatman**. Yo ka di w pou w sispann pran medikaman kont TB w yo oswa pou w retounen nan klinik la pou fè tè. **Efè segondè grav yo** gen ladan:

- » Gratèl ki leve sou po
- » Vizyon twoub oswa vizyon chanje
- » Doulè nan vant
- » Pipi mawon oswa pou pou koulè pal
- » Fatig
- » Lafyè pandan 3 jou oswa plis
- » Sentòm ki tankou grip
- » Manke apeti
- » Kèplen
- » Vomisman
- » Po oswa zye ki vin jòn
- » Toudisman
- » Pikotman oswa angoudisman toutotou bouch
- » Sansasyon pikotman pèsistan nan men ak pye yo
- » Boulvèsman lestomak
- » Doulè nan jwenti
- » Vyann mètri oswa senyen fasil

Gen kèk efè segondè ki reprezante **pwoblèm minè**. Pa egzanp, rifampin ka lakòz likid kò chanje koulè vin jòn abriko, tankou irin (pipi), saliv, dlo je, oswa syè, ak lèt tete. Yo prevwa pou gen chanjman koulè likid kò ki vin jòn abriko e li pa gen danje. Se yon bagay nòmal epi koulè a ka fennen avèk le tan. Doktè a oswa enfimye/enfimyè a ka konseye pou w pa mete vè kontak mou paske vè yo ka tache anpèmanans. Si ou gen nenpòt nan efè segondè sa yo, ou ka kontinye pran medikaman w.



Medikaman yo preskri pou trete maladi TB ka gen entèraksyon avèk lòt medikaman. Ou dwe bay founisè swen sante w la yon lis medikaman w ap pran aktyèlman pou evite entèraksyon medikaman.

Pa egzanp, medikaman pou maladi TB ka gen entèraksyon avèk kontraseptif oral (grenn planin) epi pètèt fè grenn planin yo mwens efikas. Si w ap itilize grenn planin, mande doktè w enfòmasyon sou lòt chwa planin pandan w ap pran medikaman kont TB. Si w ap pran methadone (ki itilize pou trete adiksyon dwòg) pandan tretman kont TB, ou ka gen sentòm retrè. Doktè w oswa enfimye/enfimyè w ka gen pou yo ajiste dòz methadone ou a.

Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou efè segondè medikaman TB nan [www.cdc.gov/tb/topic/treatment/adverseevents.htm](http://www.cdc.gov/tb/topic/treatment/adverseevents.htm).

## Poukisa m dwe pran medikaman kont TB pandan lontan konsa?

Jèm TB yo mouri trè dousman. Pou tretman enfeksyon TB k ap dòmi (LTBI), sa pran omwen 3 mwa (e petèt pi lontan toujou selon ki medikaman w ap pran) pou touye jèm TB yo.

Pou maladi TB, sa pran anjeneral 6 mwa oswa plis pou medikaman yo touye tout jèm TB yo. Ou pral pwobableman kòmanse santi w byen apre sèlman kèk semèn nan tretman, menm si w santi w pi byen. Ou dwe kontinye pran medikaman w yo jiskaske tout jèm TB yo mouri, menm si ou ka santi w pi byen epi w pa gen sentòm maladi TB ankò.



Li ka trè danjere si w sispann pran medikaman w yo oswa si w pa pran tout medikaman w yo regilyèman. Jèm TB yo pral devlope ankò, epi w ap rete malad pandan yon tan ki pi long. Jèm TB yo ka vin rezistan tou ak medikaman w ap pran yo. Ou ka bezwen nouvo medikaman diferan pou touye jèm TB yo si ansyen medikaman yo pa aji ankò. Nouvo medikaman sa yo dwe pran pandan yon tan ki pi long epi anjeneral yo gen efè segondè ki pi grav.

Si w vin kontajye ankò, ou ka transmèt jèm TB yo bay fanmi w, zanmi w oswa nenpòt lòt moun ki pase tan avèk ou. Li **trè enpòtan** pou w pran tout medikaman w yo jan doktè w oswa enfimye/enfimyè w endike.

## Kisa ki TB rezistan ak plizyè medikaman (Multidrug-Resistant, MDR TB) epi TB ki rezistan ak gwo kantite medikaman (Extensively Drug-Resistant, XDR TB)?

Pafwa jèm TB yo rezistan kont medikaman yo itilize pou trete maladi TB. Sa vle di medikaman an pa ka touye jèm TB yo ankò.

TB ki rezistan ak plizyè medikaman (MDR TB) se akòz jèm TB ki rezistan ak omwen de nan medikaman kont TB ki pi enpòtan yo: isoniazid ak rifampin.

Yon fòm TB MDR ki pi grav rele TB ki rezistan ak gwo kantite medikaman (Extensively Drug-Resistant, XDR TB). XDR TB se yon tip TB ki ra ki rezistan ak prèske tout medikaman yo itilize pou trete maladi TB.

Si w pa pran medikaman w yo jan doktè w oswa enfimye/enfimyè w endike w, jèm TB yo ka vin rezistan ak sèten medikaman. Epitou, moun ki te pase tan ak yon moun ki malad avèk TB MDR oswa TB XDR ka vin enfekte avèk jèm TB sa yo ki rezistan ak plizyè medikaman.

TB ki rezistan ak medikaman rive pi souvan kay moun ki

- » Te pase tan avèk yon moun ki gen maladi TB ki rezistan ak medikaman.
- » Pa pran tout medikaman l yo jan doktè l oswa enfimye/enfimyè l endike.
- » Devlope maladi TB ankò apre li fin pran medikaman kont TB lontan.
- » Soti nan zòn kote TB ki rezistan ak medikaman rive souvan.

Moun ki gen TB MDR oswa TB XDR dwe trete avèk medikaman espesyal. Tretman an pran plis tan anpil pase pou TB regilye epi medikaman yo ka lakòz plis efè segondè. Moun ki gen TB MDR oswa TB XDR gen plis risk pou yo mouri akòz maladi a. Moun ki gen TB MDR oswa TB XDR dwe wè yon ekspè nan TB ki ka obsève tretman yo a ak anpil atansyon pou asire li fonksyone.

## **Kisa tretman ak obsèvasyon dirèk (Directly Observed Therapy, DOT) ye?**

Pi bon fason pou w sonje pran medikaman w yo se swiv yon tretman ak obsèvasyon dirèk (Directly Observed Therapy, DOT); sa vre espesyalman pou tretman maladi TB. Si w resevwa DOT, w ap rankontre ak yon travayè swen sante chak jou oswa plizyè fwa pa semèn. Nou pral rankontre nan yon kote nou toude antann sou li, oswa ak metòd elektwonik. Reyinyon an pèsòn ka fèt nan klinik kont TB a, lakay ou oswa nan travay ou, oswa nenpòt lòt kote ki bon. W ap pran medikaman w yo nan kote sa a pandan travayè swen sante a ap siveye. Kèk pwogram TB kounye a itilize metòd elektwonik DOT pou maladi TB ak pou enfeksyon TB k ap dòmi (LTBI). DOT elektwonik (eDOT) se yon lòt chwa alapas DOT an pèsòn. Si eDOT disponib nan zòn ou epi w kalifye pou eDOT, yon travayè swen sante ap gade w ap pran medikaman kont TB w a distans sou yon smatfòn oswa lòt aparèy elektwonik ki mache ak videyo. Kit se an pèsòn oswa avèk èd yon aparèy elektwonik, DOT la ede w sonje pran medikaman w yo epi fini tretman w.

Sa vle di ou pral vin byen dèke sa posib.

Epitou, travayè swen sante a pral asire medikaman kont TB yo fonksyone jan yo dwe fonksyone.

Moun sa a pral siveye tou efè segondè yo epi reponn nenpòt kesyon ou genyen sou TB.

Menmsi w pa resevwa DOT, doktè w oswa enfimye/enfimyè w dwe tcheke w regilyèman nan moman diferan pandan tretman w lan pou asire w tout bagay ap mache byen. Sa pral kontinye jiskaske w geri.



## Kòman m ka sonje pou m pran medikaman kont TB mwen yo si mwen pa nan DOT?

Sèl fason pou w geri, se pran medikaman kont TB w yo egzakteman jan doktè w oswa enfimye/enfimyè w endike. Sa gendwa pa fasil! Si w gen LTBI, w ap pran medikaman kont LTBI ou yo pandan 3 mwa oswa plis. Si w gen maladi TB, w ap pran medikaman anjeneral pandan 6 mwa oswa plis.

Si w adopte yon woutin, sa ka ede w sonje pou w pran medikaman w kont TB jan yo endike w. Men kèk fason pou ede w sonje pran medikaman w yo, kit w ap pran medikaman kont LTBI oswa medikaman pou maladi TB:

- » Pran konprime w yo a menm lè chak jou—pa egzanp, ou ka pran yo anvan w manje dejne, pandan yon ti brek kafe regilye, oswa apre w fin bwose dan w.
- » Mande yon manm fanmi oswa yon zanmi pou fè w sonje pran konprime w yo.
- » Make chak jou sou yon kalandriye pandan w ap pran konprime w yo.
- » Mete konprime w yo nan yon òganizè konprime pa semèn ke w kenbe bò kabann ou oswa nan valiz ou oswa pòch ou.
- » Sèvi ak yon trakè medikaman pou òganize e jere konprime w yo. Sitwèb CDC a gen trakè disponib pou medikaman kont LTBI ki ka enprime. Sou trakè medikaman kont LTBI yo, gen espas pou ekri orè tretman w, kantite konprime ou dwe pran pa semèn, epi enfòmasyon pou kontakte doktè a/klinik la. Pou telechaje oswa enprime trackers medikaman yo, vizite sitwèb CDC [www.cdc.gov/tb/education/patient\\_edmaterials.htm#Treatment](http://www.cdc.gov/tb/education/patient_edmaterials.htm#Treatment).



### **NÒT: Sonje pou konsève tout medikaman kote timoun pa ka jwenn yo.**

Si w bliye pran konprime w yo yon jou, sote dòz sa epi pran pwochen dòz ki pwograme a. Enfòmasyon doktè w oswa enfimye/enfimyè w ke w te rate yon dòz. Ou ka rele doktè w oswa enfimye/enfimyè w tou pou w resevwa machaswiv.

## Kòman m ka evite transmèt TB?

Fason ki pi enpòtan pou evite transmèt jèm TB yo se pou moun ki gen maladi TB kontajye yo pran tout medikaman yo egzakteman jan yon doktè oswa yon enfimye/enfimyè endike. Epi tou ou dwe respekte tout randevou w yo nan klinik la. Doktè w oswa enfimye/enfimyè w dwe wè kòman w ye. Sa souvan mande pou fè yon lòt radyografi pwatrin oswa yon tès krache w (flèm ou touse ki soti nan fon poumon yo). Tès sa yo pral montre si medikaman yo ap ajì. Tès yo ede montre tou si w ka transmèt jèm TB yo toujou bay lòt moun. Asire w fè pwofesyonèl swen sante w konnen nenpòt bagay ou panse ki mal.

Si w malad ak maladi TB sifizaman pou w ale nan yon lopital, yo ka mete w nan yon chanm espesyal. Chanm sa yo sèvi ak vantilasyon lè ki anpeche jèm TB yo gaye nan lòt chanm yo. Moun k ap travay nan chanm espesyal sa yo dwe mete yon mask figi espesyal pou pwoteje tèt yo kont jèm TB yo. Ou dwe rete nan chanm lan pou w pa transmèt jèm TB yo bay lòt moun.

Si w kontajye pandan w lakay ou, gen bagay ou ka fè pou pwoteje lòt moun ki toupre w:

- » Pran medikaman w yo jan yo endike a. Sa enpòtan anpil!
- » Toujou kouvri bouch ou avèk yon mouchwa lè w ap touse, etènye oswa ri. Mete mouchwa a nan yon sachè fèmèn epi jete l.
- » Separe tèt ou ak lòt moun epi evite kontak pwòch ak kèlkeswa moun. Dòmi nan yon chanmakouche lwen lòt manm fanmi an. Evite gen vizitè lakay la.
- » Pa ale nan travay oswa lekòl.
- » Ayere chanm ou souvan ak lè deyò bilding lan (si li pa twò fè frèt deyò a). TB transmèt nan ti espas fèmèn kote lè pa sikile. Mete yon vantilatè nan fenèt ou pou soufle (evakye) lè ki ka plen ak jèm TB. Si w gen lòt fenèt nan chanm ki fèmèn, louvri yo tou pou vantilatè a ka rale lè fre andedan. Sa ap redui risk pou jèm TB yo rete nan chanm lan epi enfekte yon moun ki respire lè a.

Sonje byen, TB transmèt nan lè. Moun pa ka enfekte avèk jèm TB nan bay lanmen, chita sou chèz twalèt, oswa pataje asyèt ak kouvè avèk yon moun ki gen TB.



Aprè w fin pran medikaman yo pandan apeprè 2 oswa 3 semèn, ou gendwa pa kapab transmèt jèm TB yo bay lòt moun ankò. **Doktè w oswa enfimye/enfimyè w ap di w kilè w ka retounen nan travay oswa lekòl oswa kilè w ka vizite zanmi.**

Sonje byen, w ap vin byen sèlman si w pran medikaman w yo egzakteman jan doktè w oswa enfimye/enfimyè w endike.

*Panse ak moun ki gendwa te pase tan avèk ou, tankou manm fanmi, zanmi pwòch, ak kòlèg travay. Depatman sante lokal la ka bezwen teste yo pou enfeksyon TB. TB se yon danje sitou pou timoun ak moun ki enfekte ak VIH. Si yo enfekte avèk jèm TB, moun sa yo bezwen medikaman touswit pou evite yo devlope maladi TB.*

## Resous Siplemanchè pou TB

Pou plis enfòmasyon sou enfeksyon TB inaktif (LTBI) ak maladi TB, tanpri vizite sit entènèt CDC nan [www.cdc.gov/tb](http://www.cdc.gov/tb). Materyèl pasyan yo sou LTBI ak maladi TB yo disponib tou nan plizyè lang nan [www.cdc.gov/tb/publications/culturalmaterials.htm](http://www.cdc.gov/tb/publications/culturalmaterials.htm) ak [findtbresources.cdc.gov/](http://findtbresources.cdc.gov/).

Pou jwenn enfòmasyon sou sipò ak kontak pasyan TB, vizite We Are TB ([www.wearetb.com](http://www.wearetb.com)). Epitou CDC mete aksan sou eksperyans pèsònèl moun ki te resevwa dyagnostik epi ki te trete pou LTBI ak pou maladi TB, ansanm ak travay pwofesyonèl yo pou kontwòl TB. Vizite paj istwa pèsònèl CDC TB a pou plis enfòmasyon: [www.cdc.gov/tb/topic/basics/personalstories.htm](http://www.cdc.gov/tb/topic/basics/personalstories.htm).













Nimewo Piblikasyon: 301360

Pou plis enfòmasyon  
oswa pou kòmande materyèl edikatif sou TB,  
kontakte Depatman Sante lokal ou

Oswa vizite:

Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi  
Sant Nasyonal pou Prevansyon VIH/SIDA, Epatit Viral, STD, ak TB  
Divizyon pou Eliminasyon Tibèkiloz

[www.cdc.gov/tb](http://www.cdc.gov/tb)



@cdc\_TB



@CDCTB



**Centers for Disease  
Control and Prevention**  
National Center for HIV/AIDS,  
Viral Hepatitis, STD, and  
TB Prevention